

Nan tan Lontan ak Jounen Jodi a

Kijan lavi te ye nan tan lontan?

Gen kèk fason li te menm jan ak jodia, men gen kèk lòt fason li te diferan tou.



Jodia, nou monte nan machin. Se yon jan pou nou ale vit. Li amizan pou pran yon vwayaj avèk manman ak papa.

Lontan, moun te monte charyo.

Li ka pran yon bon tan pou soti yon kote rive yon lòt kote.

Jounen Jodi a, nou gen anpil bagay pou ede nou lakay.



Sa se konsa manje konsève fre.

Ti gason an ka pran yon ti goute nenpòt kilè li vle.



Nan ansyen tan, moun te kenbe yon bwat plen glas.

Gason kondwi kamyon chaje ak glas pote bay moun lakay yo.



Gason sa a sèvi ak yon pens espesyal pou leve blòk glas yo.





Jodi a nou ka
jwenn dlo
anndan kay nou.
Ti fi a ka lave
epi pran yon vè dlo nan eveye a.



Lontan lontan, moun
te konn sèvi ak yon
ponp pou tire dlo. Ti
fi sa a ponpe dlo a
pandan ti gason an ap

bwè dlo.

Jounen jodi a,
nou gen machin
ki ede nou.



Men kijan nou

lave rad.

Ti fi sa a yo
renmen ede.



Lontan, pou lave rad pa t amizan
ditou! Moun te
genyen pou plen
yon basen dlo ak
savon epi fwote



Premye Ane

anpil!

Aprè sa kwoke pantalon ak
chemiz sou liy pou solèl seche.

Kisa timoun
kounye a gen an
komen ak timoun
nan tan lontan?



Nan tan sa yo, timoun te ale lekòl
menm jan ak nou. Men
anpil lekòl te sèlman
gen yon sèl pwofesè.



Gran timoun ak timoun pitit te
nan menm
klas.



Jodi a, timoun swiv klas yon nivo
apre lòt. Nan ki nivo ou ye?



Timoun te toujou renmen jwe. Kèk jwèt pa janm chanje depi lontan.



Lè sa a, timoun te renmen jwe bezbòl epi fè jwèt sèk ak patine.



Timoun jiskaprezan renmen ansyen jwèt sa yo jodi a.

Ki jwèt ou renmen?



Aktivite: Nan Reader's Response Notebook Sèvi ak mo pa w pou rakonte istwa a.
Graphic Organizer: Compare and Contrast - Venn Diagram

Text Evidence:

1. Ki bagay ki fè lavi lakay pi fasil jounen jodi a ki pa t fasil nan tan lontan?
2. Kijan timoun nan tan lontan menm jan ak timoun jounen jodi a?
3. Kijan ou ka konnen istwa sa a vre? (nonfiction)